

# Konbat rayisman nan lekòl nou yo:

## Yon gid pou fanmi ak elèv yo

### Rayisman pa gen plas nan lekòl nou yo.

Nou entèdi asèlman ak anbetman diskriminatwa nan lekòl Massachusetts. Nou tout dwe travay ansanm pou konbat tout fòm rayisman, patipri ak prejije.

**Asèlman** ak **anbetman** ka gen ladan l deklarasyon vèbal, piblikasyon sou rezo sosyal, ekriti sou mi, vyolans, oswa konpòtman fizik kote y ap menase moun, **epi li kapab fèt nan lekòl, nan evènman ki gen rapò ak lekòl** (tankou bis lekòl, nan espò lekòl), oswa sou **rezo sosyal epi/oswa anliy**.

**Asèlman** se yon konpòtman ki ap pede fèt epi ki vize, kote y ap nui oswa deranje anviwònman lekòl la.

**Anbetman** gen ladan l nenpòt konpòtman ki kreye oswa ki ede kreye yon anviwònman ki ostil oswa ki danjere pou yon elèv akòz ras, koulè, relijyon, orijin nasyonal, sèks, idantite seksyèl, oswa oryantasyon seksyèl.

### Lekòl yo Dwe Aji nan kad lalwa

- Lekòl yo dwe mete pwogram prevansyon kont asèlman ak politik pou konbat alafwa asèlman ak anbetman. Epitou, lekòl yo dwe kreye yon klima eskolè kote tout elèv yo santi yo an sekirite, sipòte, epi yo enkli.
- Direktè lekòl yo dwe fè yon ankèt rapid depi yo tande gen yon ensidan rayisman.
- Lekòl yo dwe pran mezi pou kanpe asèlman oswa anbetman pou anpeche li refèt ankò, epi asire sekirite elèv ki te sibi zak la.

### E si timoun mwen an te asele oswa anbete yon lòt timoun?

Pale avèk li pou w konpran rezon ki lakòz konpòtman l. Ankouraje l konprann kòman aksyon l ka deranje lot moun. Eksplike w ou atann pou li respekte lòt moun. Kontakte lekòl la pou w jwenn sipò pou ou ak timoun ou an.

### E si y ap asele oswa anbete timoun mwen an?

- **Fel we ke ou prezan pou li:** Di timoun ou an, “se pa fèt ou” epi “ou pa poukont ou.” Travay ansanm pou kreye yon plan.
- **Rasanble dokiman:** Konsève detay sou sa ki te pase a—dat ak lè, adrès, moun ki enplike ak nenpòt elèv oswa manm pèsònèl ki te wè sa ki te pase.
- **Konenn dwa timoun ou yo:** Gade sou sit entènèt lekòl ou a ak manyèl lekòl pou wè prevansyon espesifik sou asèlman distri ou a ak plan entèvansyon ak politik kont diskriminasyon.
- **Sinyale ensidan yo bay lekòl la:** Ou ka mande lekòl la pou l fè yon ankèt. Si lekòl la wè gen asèlman oswa anbetman ki te fèt, mande lekòl la ki mezi yo pran pou retabli sekirite epi anpeche ensidan sa yo rive anko.
- **Mande yon plan de sekirite:** Si timoun ou an pa santi l an sekirite, mande lekòl la pou kreye yon plan sekirite pou li.
- **Depoze yon plent pou dwa sivil** nan Divizyon Dwa Sivil ki nan Biwo Pwokirè Jeneral la.

Reflechi sou fason **OU** kapab ede lekòl timoun ou an vin yon espas ki san danje epi ki sipòte tout moun. Pran enfòmasyon sou tout pwogram ak fòmasyon lekòl oswa distri ou a bay sou sijè sa a—oswa ede kòmanse diskisyon sa yo.

### Kisa mwen kapab fè si mwen se yon paran oswa responsab legal...

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou gid legal pou lekòl yo, ak lis resous, gade nan [Konsèy Pwokirè Jeneral la sou Ensidan Rayisab ak Prejije \(AG’s Guidance to Schools on Hate and Bias Incidents\)](#).

# Konbat rayisman nan lekòl nou yo:

## kisa elèv yo dwe konnen

Antanke elèv, ou gen dwa pou ou apran nan yon anviwònman ki san danje epi kote yo sipòte w, kote yo p ap asele w, anbete w oswa fè w santi ou diminye akòz moun ou ye, pa egzanp, poutèt ras ou, sèks, relijyon, etnisite, estati imigrasyon, oryantasyon seksyèl, oswa idantite seksyèl ou.

Si ou ap viv eksperyans rayisman anndan lekòl la oswa deyò lekòl la, lekòl ou a kapab ede w epi nan kèk ka, lekòl la gen obligasyon legal pou pran mezi pou asire w ou jwenn sipò.

### SI YON MOUN AP FÈ KRIM RAYISAB KONT OU

- **Pale ak yon manm fanmi oswa yon adilt ou fè konfyans nan lekòl la:** Ou pa poukont ou, epi ou gen dwa mande èd. Pale ak yon moun ou fè konfyans sou sa w ap viv la. Si w pa vle mete fanmi w okouran, ou ka toujou pale avèk yon adilt ou fè konfyans nan lekòl la ki ka ede w konnen kisa ou kapab fè. Mande yo pou yo ede w ou fè yon plan pou jere sitiasyon an.
- **Pale sa avèk lekòl ou a epi poze kesyon sou politik sou asèlman ak anbetman yo a.** Ou ka chwazi [Depoze yon plent pou dwa sivil](#) nan Divizyon Dwa Sivil ki nan Biwo Pwokirè Jeneral la tou.

### SI OU WÈ MOUN K AP FÈ BAGAY RAYISAB

- **Kanpe kont sa:** Si ou wè yon moun ap anbete, imilye oswa desann yon lòt moun, menm si se anliy, nan lekòl, oswa andeyò lekòl la, mande l pou li sispann si w santi li san danje pou fè sa.
- **Fe tet ou Prezan pou moun nan:** Sipòte epi rete janti ak kondisip klas y ap anbete oswa asele a. Mande l si w kapab ede l pale avèk yon adilt ou fè konfyans sou sa l ap viv la.
- **Sinyale sa ki pase a bay direktè oswa yon adilt ou fè konfyans nan lekòl la.** Ou ka chwazi [Depoze yon plent pou dwa sivil](#) nan Divizyon Dwa Sivil ki nan Biwo Pwokirè Jeneral la tou.

### OU GEN YON WÒL POU JWE NAN PREVANSYON RAYISMAN

- **Rete yon egzanp pozitif:** Ou jwe yon wòl enpòtan nan kominote eskolè nou an. Reflechi sou fason ou kapab ede fè lekòl la yon espas ki san danje, anviwònman ki sipòtif, kote moun ki diferan youn ak lòt afime epi santi yo enkli. Chak elèv gen yon wòl pou jwe nan prevansyon asèlman ak anbetman epi sipòte kama-rad klas yo.
- **Enfòmè tet ou sou rayisman:** Pran enfòmasyon sou rayisman, patipri, ak prejije; fason rayisab kapab danjere; ak fason ou kapab fè yon diferans. Pran enfòmasyon sou tout pwogram oswa fòmasyon lekòl oswa distri ou a ofri sou pwoblèm sa, apran kòman ou kapab ede yo fè konvèsasyon oswa fòmasyon sou sijè sa a fèt nan distri ou a.

